लइकन खातिर बाइबिल प्रस्तुति

प्रस्तुतकर्ता

# यहेजकेल: दर्शन वाला आदमी



लेखकः Edward Hughes
ब्याख्याकरः Lazarus; Alastair Paterson
अनुकूलितः Ruth Klassen
अनुवादकः सुरेश मसीह
उत्पादितः Bible for Children
www.M1914.org

BFC
PO Box 3
Winnipeg, MB R3C 2G1
Canada

©2021 Bible for Children, Inc.
अनुज्ञापत्रः आप ए कहानीन क छाया प्रति मुद्रण करा सकीं ला
बशर्ते की आप ओके बेचब ना।

बहुत समय पहिले, ताकतवर सेना यहूदा पर हमला कइलस अउर परमेश्वर की बहुतेरे लोगन के बंदी बनाके वापस बाबुल देश में ले गइलें। घर से दूर, ए यहूदी लोग कबार नदी की बगल में रहे लगलें। उन लोगन में से एगो परमेश्वर क सेवक, भविष्यद्वक्ता यहेजकेल भी रहलन।



एक दिन, परमेश्वर यहेजकेल को एगो दर्शन दिहलन। परमेश्वर क महिमा चार उग्र प्राणी की रूप में, एगो उज्ज्वल प्रकाश की रूप में दिखाई दिहलस। हर एक क चार चेहरा अउर चार पाँख रहल। उनकी ऊपर इंद्रधनुष जइसन प्रज्वलीत प्रकाश से भरल एगो सुंदर नीलमणि सिंहासन रहल। जब यहेजकेल ई देखलन, उ मुँह की बल गिर गइल।



परमेश्वर यहेजकेल से बात कइलें। "हम तोहके इस्राएल की लइकन की पास भेजत बानी। उ सब विद्रोही हो गइल बाने, उनकी खातिर हमरी ए वचनन के बतावअ।" पुस्तक धारण कइल एगो हाथ दिखाई दिहलस। परमेश्वर कहलें, "ए पुस्तक के खा घलअ अउर जा, इस्राएल की घराना के एके बतावअ।"



का ही अजीब आदेश रहल! लेकिन यहेजकेल बात मानलन; पुस्तक के खाके चल गइलन।

परमेश्वर क आत्मा यहेजकेल के उठवलस अउर काबार नदी की दूसरी किनारे पर रहे वाला बंदी यहूदियन की पास ले गइल। उ जेवन देखलन ओ से हैरान होके, जहाँ उ सब बइठल रहलें ओहिजा सात दिन तक बइठल रहि गइलन। तब परमेश्वर यहेजकेल के एगो पहरेदार बनवलन। उनके परमेश्वर की आज्ञा क उलंघन करे वाला दुष्ट लोगन के चेतावनी देबे के रहल।





यहेजकेल परमेश्वर की आदेश क लोगन की खातिर स्पष्ट करे बदे कई अजीब तरकीब अपनवलन। उ माटी की खपरैल की एगो टुकड़ा पर यरूशलेम क तस्वीर खरोंचलन। हो सके ला कि लोग उनकरी कान्ही पर यरूशलेम की चारों ओर एगो शक्तिशाली सेना क चित्रण के खीचत देखले होइहन। उ देखावत रहलन कि परमेश्वर की ए पवित्र शहर के जल्दी ही नष्ट कर दिहल जायी।

इस्राएल, उत्तरी राज्य, 390 साल की खातिर परमेश्वर क बात ना मानलें, अउर यहूदा, दक्षिणी राज्य 40 साल खातिर ना मानलें। इहे कारण रहल कि इस्राएल के नष्ट कर दिहल गइल अउर यहूदा जल्दी ही गिरे वाला रहल। परमेश्वर यहेजकेल के बतवलन कि लोगन के उनकरी पापन के याद दियावे खातिर, 390 दिन खातिर अपनी बाईं ओर अउर 40 दिन खातिर अपनी दाहिनी ओर होके बिश्राम करअ।





शायद लोग यहेजकेल की बारे में सोचल शुरू कइले होइहन कि ई एगो बहुत ही अजीब आदमी हअ। उ सबकुछ कइलन जेवन परमेश्वर उनके करे खातिर कहलन। एक दिन, उ अपनी बालन के मुंडवॉ दिहलन अउर ओकर एक तिहाई जला दिहलन। ई देखावे खातिर रहल कि जब बाबुल क सेना शहर पर हमला करी तब यरूशलेम में एक तिहाई लोग रोग अउर अकाल से मर जइहन।



यहेजकेल अपनी बालन क एगो अउर तिहाई के लिहलन अउर तलवार से टुकड़ा टुकड़ा काट दिहलन। ई लोगन के दिखावे खातिर रहल कि एक तिहाई दुश्मन की तलवार से मारल जइहें। अउर अंतिम तीसरा भाग के, यहेजकेल हवा में बिखेर दिहलन। लेकिन उ संकेत की रूप में अपनी परिधान की हेम में कुछ बालन के सिल दिहलन जेवन ई दर्शावत रहल। कि परमेश्वर अपनी कुछ खास लोगन के



बचइहन अउर उन सबके वादा की देश में वापस ले अइहन।

ई साहसी भविष्यद्वक्ता बंदी यहूदियन के बतवलन कि उनकर हाल ए हाल से भी बदतर होई, अइसने बढ़िया ना रही जइसन उ सब सोचत रहे। लोग, यहेजकेल पर बहुत क्रोधित भइलें; लेकिन उ परमेश्वर की संदेश के बतावल जारी रखलन। जब उ एक दिन इस्राएल की पुरखन की संगे बइठल रहलन, परमेश्वर यहेजकेल के एगो दर्शन दिखवलन। दर्शन में, परमेश्वर उनकरी बालन के पकड़ के उठवलन अउर यरूशलेम की मंदिर में ओ के ले गइलन।



मंदिर में परमेश्वर यहेजकेल के रेंगे वाला जीव, अशुद्ध जन्तु,
अउर मूर्ती के दिखवलन। ई सब परमेश्वर की मंदिर में
कदापि ना होखे के चाहीं।



परमेश्वर की पूजा की वजाय अगुवा लोग उन सब चीझन क पूजा करत रहे। परमेश्वर यहेजकेल के ईहो बतवलन कि उनकर महिमा मंदिर के त्यागे जात बा अउर ए मंदिर के नाश कर दिहल जायी। दर्शन समाप्त हो गइल, यहेजकेल एकरी बारे में यहूदी लोगन के बतवलन।





सब कुछ जेवन परमेश्वर कहले रहलन उ सच हो गइल। यरूशलेम के नष्ट कर दिहल गइल। बहुत सारा लोगन के मौत की घाट उतार दिहल गइल। जब बाबुल में बंदी यहूदी ई सुनलन, त उ सब आश्चर्य जतवलन कि कहीं परमेश्वर उन सब के हमेशा खातिर त्याग देले त नेइखन।

लेकिन परमेश्वर अपनी भविष्यद्वक्ता के एगो अउरी संदेश दिहलन। उ सूखल हड्डियन से भरल एगो घाटी में यहेजकेल के ले गइलन -- मानव हड्डी क घाटी।



"मनुष्य क पुत्र, का ई हड्डी सब जीवित हो सके ली सअ?" परमेश्वर यहेजकेल से पूछलन। "हे प्रभु परमेश्वर, तोहके ही बस ई पता बा" यहेजकेल जवाब दिहलन। बेशक ई सूखल हड्डी पुनः जीवित ना हो सके ला।



यहोवा कहलें "ए हड्डियन से भविष्यवाणी कर के कहअ, हे सूखल हड्डी लोग 'यहोवा क वचन सुनअ जा, तोहन लोग सब जीवित हो जा जा।" जब उ सब हड्डी आज्ञा मानली सब, तब यहेजकेल एगो तेजस्वी शोर सुनलन। आप एकरी कारन की बारे में का सोचत हईं?



भविष्यद्वक्ता ई देखके चकित रह गइलन, जबकि देह की अनुसार हड्डी से हड्डी एक साथ जुड़त गोइल।



फिर, ओ सब पर मास आ गोइल।



अउर चमड़ा उन सब के ढँक लिहलस, लेकिन ओ सब में कवनो साँस ना रहल।



यहोवा कहलन, "मनुष्य क पुत्र भविष्यवाणी कर के कहअ, 'ऐ साँस चारों और हवा की ओर से आ जा। इन सब में साँस प्रवेश करअ, ताकि उ सब जी जायें। जब यहेजकेल अइसन कइलन, तब उन सब में साँस आ गइल'", अउर उ सब अपनी गोड़ पर खड़ा हो गइलें। एगो बड़ महान सेना से अब उ घाटी भर गइल रहल।



परमेश्वर ई जानत रहलन कि यरूशलेम की गिरला से बाबुल में यहूदी निराशा में जीयत रहलें। परमेश्वर यहेजकेल के दर्शन की माध्यम से एगो संदेश भेजलें। परमेश्वर कहलन, "ई सब हड्डी इस्राएल क पूरा घराना हअ" "हम तोहरा में आपन आत्मा डालब, अउर तोहन सब लोगन के तोहन लोगन की देश में राखब"।



परमेश्वर की ओर से ई एगो आशापूर्ण महान संदेश रहल! यहेजकेल की माध्यम से भइल परमेश्वर क ई वादा सच हो गइल, यहूदी लोग बाद में अपनी ही देश में लवट अइलें। उ सब जानत रहलें कि प्रभु परमेश्वर ही उन सब के उनकरी घरे ली आइल



# यहेजकेल: दर्शन वाला आदमी

पबितर बाइबिल, परमेश्वर की वचन में से
ई कहानी लीहल गइल बा

यहेजकेल

"तोहरी बातन की खुलला से उजियार होला"
भजन संहिता 119:130

# समापन

बाइबल क इ कहानी हमनी के अपनी ओ अद्भूत परमेश्वर की बारे में बतावे ले,
जे हमनी के बनवले हउवन अउर उ चाहत बाड़न कि हमनी क उनके जानी जा।

परमेश्वर जानत बाड़न कि हमनी क अइसन गुनाह कइले बनी जा जेकरा के उ पाप कहेलें। पाप क सजा मौत हअ, लेकिन परमेश्वर आपसे एतना परेम कइलन कि उ आपन एकलौता बेटा यीशु के ए दुनिया में भेजनल ताकि उ सूली पर चढ़ के हमनी की पापन क सजा भुगतें। यीशु मूवला की बाद फिर से जिन्दा हो गइलन अउर स्वर्ग में अपनी घरे चल गइलन यदि आप यीशु में विश्वास करअब अउर अपनी उनसे अपनी पापन क क्षमा मांगअब तअ उ आपकी प्रार्थना के सुनिहन उ आके आपकी अन्दर बसिहन अउर आप हमेशा खातिर उनकी संगे बनल रहअब।

यदि आपके विस्वास बा कि इ सब कुछ सच हअ तब आप परमेश्वर से कहीं:
हे प्रिय यीशु, हमके विश्वास बा कि आप ही परमेश्वर हँई अउर हमरी पापन की कारन आप मानुष रूप में अवतार लिहनी, मर गइलीं अउर दुबारा जी उठलीं अउर अब जीयत बानी। कृपा करके हमरी जिंदगी में आयीं अउर हमरी पाप के क्षमा करीं ताकि हमके नाया जीवन मिल सके, अउर एक दिन हम आपकी संगे हमेशा रहे खातिर आ सकीं। आप मदद करीं कि हम पापकी बेटा की तरह रहीं अउर आज्ञा पालन कर सकीं। आमीन।

परमेश्वर से रोज बात करे खातिर बाइबल पढ़ीं! यूहन्ना 3:16